ku bëgg ñu yaatal wërsëgam, guddal fanam, nay jokk ag bokkam

Jële na ñu ci Anas Ibn Maalik -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku bëgg ñu yaatal wërsëgam, guddal fanam, nay jokk ag bokkam».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day soññee ci jokk mbokk ak ci di leen seeti di leen teral ci yaram ak ci alal ak yeneen, ndaxte sabab la ci yaatug wërsëg ak gudd fan.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5372